

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis jeung pedaran dina bab saméméhna, aya lima hal anu bisa dicindekkeun patali jeung kalimah pananya dina novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi aya 272 data kalimah pananya. Ieu data kawengku tina wanda, adegan, ma'na, tahapan, jeung maksim kasopananna. Di handap dipedar sacara rinci hasil titimuan masing-masing wanda, adegan, ma'na, tahapan, jeung maksim kasopanan.

Kahiji, hasil tina analisis data dina novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi kapanggih wanda kalimah pananya atawa interogatif nu bisa dibédakeun jadi dua, nyaéta (1) kalimah interogatif total, yén kalimah pananya nu mikabutuh jawaban anu ngabenerkeun (enya atawa geus) jeung jawaban anu ngahenteukeun (teu, lain atawa acan). jeung (2) kalimah interogatif parsial, mangrupa kalimah pananya pikeun nanyakeun hiji hal anu diébréhkeun kalawan gembleng dina situasi omongan tur mikabutuh jawaban nu sifatna arbitrer, dumasar naon anu ditanyakeun saperti saha, ti saha, pikeun saha, atawa ka saha, jeung mikabutuh jawaban anu réa atawa manasuka dumasar kana kaédah anu geus ditangtukeun. Kalimah pananya nu panglobana nyaéta wanda kalimah pananya parsial, sedengkeun wanda kalimah pananya anu nu pangsaeutikna nyaéta wanda kalimah total, kalimah pananya nu miboga dua alternatif jawaban enya atawa lain.

Kadua, hasil tina analisis data dina novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi kapanggih adegan kalimah pananya aya lima pola dasar nu jadi dua puluh opat pola. Pola I miboga subpola Ia nepi ka Ii, pola II miboga subpola IIa nepi ka IIc, pola III miboga subpola IIIa nepi ka IIId, pola IV, jeung pola V. Adegan kalimah pananya nu panglobana nyaéta adegan kalimah pananya pola IIId anu miboga struktur Kal Pany = Kplk + Kat + Tpany, sedengkeun adegan kalimah pananya anu nu pangsaeutikna nyaéta adegan kalimah pananya pola IIc anu miboga struktur Kal Pany = C + Pang + U + J + Kat + Kpany + Tpany.

Katilu, hasil tina analisis data dina novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi kapanggih aya tilu belas ma'na pragmatis kalimah pananya dina basa Sunda anu ngawengku ayana ma'na kaayaan, ma'na waktu, ma'na ngantebkeun, ma'na tempat, ma'na rasa, ma'na tindakan, ma'na sabab, ma'na cara, ma'na asal, ma'na golongan, ma'na jarak, ma'na babandingan, jeung ma'na ngajén anu luyu jeung ma'na dina kontéks kalimahna.. Ma'na kalimah pananya nu panglobana nyaéta kalimah pananya ma'na ngantebkeun anu eusina dipaké pikeun ngantebkeun naon-naon hal nu ditanyakeun, sedengkeun ma'na kalimah pananya anu nu pangsaeutikna nyaéta kalimah pananya ma'na babandingan anu eusina di paké pikeun nanyakeun sasaruana jeung bédana antara dua hal.

Kaopat, hasil tina analisis data dina novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi kapanggih aya tilu tahapan pragmatis anu luyu jeung kontéks kalimahna nya éta tahapan pragmatis hormat, tahapan pragmatis wajar, jeung tahapan pragmatis kasar. Hasil tina pedaran di luhur bisa disebutkeun yén tahapan pragmatis kalimah pananya nu panglobana nyaéta tahapan pragmatis wajar nu dipaké pikeun nyarita bari nétélakeun panghormatan, boh ka diri sorangan, boh ka batur nu diajak nyarita atawa ka nu dicaritakeunana biasana sok dipaké ka saumuran, sedengkeun yén tahapan pragmatis kalimah pananya anu pangsaeutikna nyaéta tahapan pragmatis hormat anu dipaké pikeun nyarita bari nétélakeun panghormatan biasana sok dipaké ka saluhureun.

Kalima, hasil tina analisis data dina novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi kapanggih aya genep rupa maksim kasopanan nu luyu jeung prinsip-prinsipna ngawengku: Hasil tina analisis data dina novél *Carita Budak Minggat* karangan Samsoedi kapanggih aya genep rupa maksim kasopanan nu luyu jeung prinsip-prinsipna ngawengku: 1) Maksim kawijaksanaan (*tact maxim*), 2) Maksim katumarima (*approbation maxim*), 3) Maksim pujian (*agreement maxim*), 4) Maksim kasimpat (*sympathy maxim*), 5) Maksim balabah (*generosity maxim*), 6) Maksim handap asor (*modesty maxim*), (Leech dina Sudaryat, 2016, kc. 199-203). Maksim kasopanan kalimah pananya nu panglobana nyaéta maksim kawijaksanaan (*tact maxim*) nu eusina panyatur ngaréa kauntungan umumna ngurangan karugian ka pamiarsa, sedengkeun maksim yén maksim kasopanan

kalimah pananya anu pangsaeutikna nyaéta balabah (*generosity maxim*) nu eusina ngalobaan rasa panghormat jeung pamuji umumna ngurangan pamuji ka dirina.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

- a. Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan kalimah pananya anu aya dina karya sastra novél pedalan anyar, nyaéta *Carita Budak Minggat*. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik kalimah pananya anu sumberna tina karya sastra buhun atawa karya sastra anu séjén, sangkan bisa méré bébédaan tina segi basa nu dipakéna atawa kontéks situasi omongan dina kalimah pananya.
- b. Dina ieu panalungtikan ngan saukur ngulik wanda, adegan, ma'na, tahapan jeung maksim kasopananna masih aya kénéh aya aspék- aspék anu can dianalisis. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu nalungtik leuwih lega ambahanana.
- c. Ieu panalungtikan masih kénéh sacara murni nganalisis jeung ngadéskripsikeun kalimah pananya tina wanda, adegan, ma'na, tahapan jeung maksim kasopanan. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik kalimah pananya nu dipatalikeun kana bahan katut prosés pangajaran di sakola, sangkan nambahan référénsi pikeun guru nalika prosés pangajaran lumangsung di lapangan.